

### **Aksè nan Virtual Counselor pou Gade Kanè Pwovizwa ak Kanè Pitit ou**

Paran ak elèv ka konekte sou Virtual Counselor pou gade nòt pitit li sou kanè pwovizwa ak Kanè. Pou fè sa:

1. Vizite sit [www.browardschools.com/virtualcounselor](http://www.browardschools.com/virtualcounselor)
2. Seleksyone Paran oswa Elèv
  - a. Pou konekte kòm elèv, antre Nimewo idantifikasyon elèv ou. Modpas ou se dat nesans nan fòm sa MM/JJ/AAAA (pa bliye antre ba oblik-yo). Yon fwa ou konekte sou sit la, ou gen posiblite chanje modpas ou.
  - b. Pou konekte kòm paran pou lapremyè fwa, ou va bezwen kreye yon kont paran (account parent). Chache fraz ou ka li konsa ...“IF YOU DON'T HAVE A PARENT ID OR DON'T REMEMBER IT, THEN [CLICK HERE](#) AND SIGN UP NOW.” "SI OU PA GEN YON NIMEWO IDANTIFIKASYON (ID) PARAN OUBYEN OU PA CHONJE NIMEWO A, [KLIKE ISIT](#), EPI ENSKRI KOUNYEA." Swiv enstriksyon sa yo pou kreye yon kont paran. Sou paj la ou va jwenn yon [Virtual Counselor Parent ID Help document](#), (dokiman èd pou Virtual Counselor Paran ID.) Dokiman an va ede-ou kreye epi louvri yon kont. Tout enfòmasyon konsènan kont la, ou antre, ta dwe matche tout enfòmasyon lekòl la gen nan dosye eskolè pa-li. Si ou resevwa yon mesaj erè, ou ka rele lekòl pitit ou epi verifye si tout enfòmasyon pèsònèl ou ajou.
3. Si ou deja gen yon kont men ou bliye modpas ou, ou ka seleksyone "IF YOU DON'T REMEMBER YOUR PASSWORD, THEN [CLICK HERE](#) TO RESET IT." (SI OU PA CHONJE MODPAS OU, [KLIKE ISIT](#) POU RESET KONT LA.)
4. Yon fwa ou konekte sou Virtual Counselor, klike sou meni dewoulan "STUDENT INFO:" epi chwazi Report Card (Kanè) oswa Marking Period Grades (Nòt peryòd tan notasyon).